Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,льилье,ниль гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 60 (6457) 30 ноябрь 2015 с. Итни Сафар 1437 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## Эбелалъул къо

1999 соналдаса нилъер улкаялда ноябрь моцIалъул ахирисеб гьатIан къоялъ кIодо гьабула эбелалъул къо. Эбел. Гьеб рагIул хинлъиги, хиралъиги, хIайранлъиги бичIчIуларев инсан вижун ватиларо ракьалда. Эбел кидаго йикIана ва йиго кинабго лъикIабщинабги гвангъарабщинабги жиндилъ бессарайлъун. Эбел. Киназго абула гьелдаса гьуинабги гьайбатабги рагIи гьечIилан. ЧIужугIаданэбелалда бараб гIемераб жо буго: хъизаналъул рекIел парахалъи, рекъел, талихI, нилъер цебетIей, гIумруялъул даража. Гьей ккола нилъер гIумруялъул аслу, лъикIлъиялъул матIу, гIаданлъиялъул, сабруялъул, цIодорлъиялъул мисал.

Эбелалъул къо- гьеб кила киналго байрамазда гьоркьоб бищунго гьайбатаб, кинazго рохалида кIодо гьабизе мустахIикъаб байрам.

РакI-ракIалъ баркула киназдаго гьайбатаб байрам-эбелалъул къо. Гьарула щулияб сахлъи, кидаго хутIаги рохалида, кьварилъи –балагьаздаса цIунун таги.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев, райадминистрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

АНТИТЕРРОР

## Ислам – ракълилаб ва инсанасул гIамалал лъикIлъизарулеб дин

**Террорaлда дандечIараб комиссиялъул данделъиялда ИГИЛалъул къорикье ккезе чIогеян лъазабуна**

**2015 соналъул 26 ноябралда Гумбет районалда тIобитIана террорaлда дандечIараб комиссиялъул иргадулаб данделъи. Гьениб гьоркьоб лъураб аслияб суал букIана Шамалде (Сириялде) террористазул рахъалда рагъизе Дагъистаналдаса гIолохъаби инчIого рукIиналъул ва гьенире ун тIадруссаразулгун букIине кколеб хIалтIи гьабиялъул.**

Гумбет районалъул администрациялъул террорaлда дандечIараб комиссиялъул данделъи рагьана районалъул администрациялъул нухмалъулев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас.**

Экстремизмалъул идеяздa ва терроризмалда данде гьабулеб бугеб хIалтIул бицана Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб



отделалъул начальник, полициялъул подполковник **Сайпудин МухIамадгIалиевас.**

Террористазул исламияб диналдехун кинабгIаги хурхен гьечIилан абуна Гумбет районалъул Имамзабазул советалъул нухмалъулев **ГIабдулахIажи Закарикаевас.**

Террористазул ва экстремистазул идеологиялда данде гьабулеб бугеб информациялъулаб ва психологияб дандечIеялъул бицана информациялъул «Гумбет» отделалъул нухмалъулев **ХIамзат ГIизудиновас.**

Дандельиялда загьир гьабуна ИГИЛ абураб террористазул къокъаялъ дунялалъе ва хасго исламияб диналъе ва бусурбабазе кIудияб зарал гьабулеб бугилан абураб пикру. Гумбет районалдаса гIолохъаби гьеб къокъаялда гъорлъ гьечIо, амма ГIагараб Бакъбаккул улкабазда цIалулел руго бакълъулазул студентал. Гьезул тIалаб-агъаз гьабулеб бугилан абуна Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул начальник Сайпудин МухIамадгIалиевас.

**Информациялъулаб «Гумбет» гIуцIи**

**Къокъго**

2015 соналъул 26 ноябралда Гумбет районалъул администрациялъул иргадулаб заседаниеги тIобитIана. Гьеб дандельиялда цебе лъун букIана районалда боцIухъанлъи цебетIезабиялъул суал. Заседаниялъул хIалтIул хIакъалъулъ цIализе бегьула «Гумбет» басмаялъул иргадулаб номералда.

ЦIУНЕ УЛБУЛ

## Эбелалъул къо кIодо гьабуна

**25 ноябралда МелъелтIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централда гьелъул нухмалъулей ГIазра Халидовалъ тIобитIана эбелалъул къоялда хурхун дандерусcин. Гьеб тадбир, улбузда байрамги баркулаго, рагьана ва бачана ГIазра Халидовалъ.**

Улбузда байрам баркизе рачIун рукIана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул тIоцебесеб классалъул ва МелъелтIа аслияб школалъул микьабилеб классалъул цIалдохъаби. Гьез рикIкIана ва ахIана эбелалде гьарурал кучIдул, хIана «Эбел ва яс» абураб сценка. ТIоцебесеб классалъул цIалдохъабаз улбузе кьуна тIугьдулги.



Тадбир бачуней ГIазра Халидовалъ улбузе рикIкIана гьезул гIумрудал къисматалъул хIакъалъулъ ракIал хIайран гьарулел рагIабаздалъун хъварал мухъал.

Улбузда байрам баркарал, гьезие ва гьезул лъималазе хадубккунисеб гIумруялъулъ лъикIабщинаб гьарарал кIалъаял гьаруна шагIир **ПатIимат АхIмадибировалъ, Майсарат Анварбеговалъ, Салимат ХIамидовалъ, Рузмай Жанахъаевалъ, Кайпазат Къадиевалъ, Зульфия ХIажимурадовалъ, Равзанат ХIасановалъ, ГIазра Исубилаевалъ, Эзимат МухIамадовалъ, Сакинат УхIумасултановалъ, Бика ГIабдулхIамидовалъ.** Дандериссиналда гIахьаллъарал киназго гьеб тадбир гIуцIарай ГIазра Халидовалъе загьир гьабулеб букIана ракI-ракIалъулаб баркала.

Ахиралда «Сельсовет Мехельтинский» росдал администрациялъул рахъалдасан улбузе кьуна сайгъаталги.

**ГIайшат Исламбиева**

НОМЕРАЛДА РУГО:



«ЛъагIалил учитель-2015»

-2 гьум.



РекIел ургъел чучизе чагIи камулел гьечIо…

-2 гьум.



Налог – жамагIаталъул газа, пачалихъалъул кьучI

-3 гьум.



КIицIулго дунялалъул чемпион

-4 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе. Инхоса ГIали-хIажи
№ 60 30 ноябрь 2015 с.

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

# «ЛъагIалил учитель-2015»

**17-18 ноябралда Гумбет районалда тIобитIана педагогазул махщалил хал гьабиялъул «ЛъагIалил учитель-2015» конкурсалъул муниципалияб этап. Загьир гьавуна лъагIалил бищун лъикIав учитель:**




Конкурс тIобитIана кIиго этапалда. Гьелъул мурад букIана педагогазул хIалбихьи цоцахъе кьей, гьезул социалияб статус борхизаби, бищун лъикIал учительзаби сайгъатал кьун кIодо гьари.

Гьаб соналъ бищун лъикIав учителасул цIаралъе гIоло къеркьана районалъул анлъго школалдаса мугIалимал. Конкурсантазда ва жюриялъул членазда баркана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас.**

Конкурсалъул тIоцебесеб къоялъ гIахьалчагIаз лъайкьеялъулъ росулел ругел бергьенлъаби, гьелъие пайда босулел къагIидаби загьир гьарурал презентациялъулал роликал ва творческиял хIалтIаби рихьизаруна. Бицана щиб мурадалъе школазда мугIалимзабилъун хIалтIизе жалго аралали, школлъималазулгун гьоркьоблъи лъикI гIуцIиялъе, гьезие гьваридаб лъай щвеялъе жидецаго пайда босарал къагIидабазул.

КIиабилеб этапалда конкурсантал дарсал кьезе ана МелъелтIа гьоркьохъеб школалде. Рагьарал дарсазда бихьизабуна жидерго махщел.

КIиябго къоялъул хIасилалги гьарун, конкурсалъул муниципалияб этапалда тIоцебесеб бакI ккуна Игьали гьоркьохъеб школалъул тарихалъул ва обществознаниялъул учительница **ПатIимат Шарапудиноваль.** КIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул байбихьул классазул учительница **Эльмира Зулумханова**. Лъабабилеб бакI ккуна Гьоркь Инхо гьоркьохъеб школалъул хIисаб гIелмиялъул учительница **ПатIимат МаламухIамадоваль** ва МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул гIурус мацIалъул ва литератураялъул учительница **Хадижат Къурбановаль.**

Конкурсалда бергьенлъи босаразе ва призазаби бакIал ккуразе лъайкьеялъул отделалъ кьуна дипломал ва гIарцулал сайгъатал: тIоцебесеб бакIалъе - 4000 гъурущ, кIиабилеб бакIалъе – 3000 ва лъабабилеб бакIалъе-1500 гъурущ. Цогидал гIахьалчагIазеги щвана лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан хIурматалъул грамотаби ва профсоюзалъул районалъул организациялъул гIарцулал сайгъатал.

Конкурсалъул муниципалияб этапалда бергьенлъи босарай ине йиго «Дагъистаналъул лъагIалил учитель-2016» зоналияб конкурсалда гIахьаллъизе.

**«Гумбет» РИО**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ



**ЧIиркъатIа бугеб Тахо-Годил цIар къураб республикаялъулаб музеялъул филиалалъул алатал.**

ТIИБ

# РекIел ургъел чучизе чагIи камулел гьечIо...

### Бакълъулазул ракьалда – кардиологазул гIелмияб конференция

**Гумбет районалда 21-22 ноябралда тIобитIана рекIелгун бидурихьазул унтабазде данде къеркьеялъул суалгун территориалияб гIелмиябгун практикияб конференция. Дагъистан республикаялъул сахлъи цIуниялъул Министерствоялъул буюрухъалда рекъон тIобитIана гьеб, 2015 сон рекIелгун бидурихьазул унтабазде данде къеркьеялъул лъазабун букIин хIисабалдеги босун. ГIахьаллъана ДРялъул мугIрузул территориалияб округалъул терапиялъул махщалил врачал.**

Конференциялъул хIалтIуда байбихьилелде гIахьаллъаразда бихьизабуна Дагъистаналъул литератураялъул классик, гIалим, философ Инхоса ГIали-хIажиясул 170 сон тIубаялъул юбилеялде хIадурараб документалияб фильм. Конференциялъул гIахьалчагIазда баркиялъулаб кIалъай гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер **МухIамадгIали МухIамадгIалиевас.** ГIелмиябгун практикияб конференциялъул хIалтIуе нухмалъи ва кIалъай гьабуна Дагъистан Республикаялъул бетIерав терапевт **МухIамад ГIабдулаевас.** РекIелгун бидурихьазул унтабазул хIакъалъулъ лекция цIалана Москваялъул И.М. Сеченевасул цIаралда бугеб №1 факультативияб терапиялъул кафедраялъул доцент, кардиологазул ТIолгороссиялъул гIелмияб обществоялъул член **Антон Радионовас.**




Конференциялда гIатIидаб гара-чIвари букIана рекIел унтабазул суалазда хурхун.

Дагъистаналъул мугIрузул шартIазда рекIелгун бидурихьазул унтаби раккиялъул, гьел унтабаздаса цIуниялъул, сах гьариялъул къагIидабазул бицана «Хунзахъ ЦРБ» ГБУялъул бетIерав врач **МухIамад Мусаевас.**

ГIелмиябгун практикияб конференциялъул кIиабилеб къоялъ Гумбет районалъул централияб больницаялда, Дагъистаналъул мугIрузул территориалияб округалъул терапевталги гIахьаллъун, рекIелгун бидурихьазул унтабазул хал гьабиялъул, сахлъизариялъул гьанжесел къагIидаби лъазариялъул тадбирал тIоритIана.

**«Гумбет» РИО**

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА

# Бакълъулазул гIолилазул проект бергьана

### Гумбет районалда тIобитIана гIолилазул форум «Эффективный муниципалитет»

**Гумбет районалъул гIемерфункциялъулаб гIолилазул централда Дагъистан Республикаялъул гIолилазул ишазул рахъалъ министерствоялъ, Гумбет районалъул администрациялъул рахъ кквейгун гIуцIараб гIолилазул форум «Эфективный муниципалитет».**

Форумалда гIахьаллъана Дагъистаналъул мугIрузул территориалияб округалдаса делегациял. Киналго гIахьалчагIазухъ рукIана муниципалиял гIуцIабазул хIаракатчилъиялъул батIибатIиял нухал загьир гьарурал проектал: «Эффективный муниципалитет», «Эффективный АПК», «ГьитIинаб бизнес», «ГIолилазул политика».

Форумалда кIалъазе рахъана Дагъистаналъул гIолилазул ишазул рахъалъ Министерствоялъул информациялъулгун аналитическияб централъул директор МухIамад Хатипов, Гумбет райадминистрациялъул культураялъул, физически-



яб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель **НурмухIамад МухIамадов.**

Форумалда предпринимателазул проектал гьоркьор лъуна. Презентациялдаса хадур рихьизаруна декабралъул бакьулълъиялда «Дагъистаналъул букIинеселъе гIоло» абураб гIолилазул стратегическияб сессиялде росизе ругел проектал. Бищун лъикIаблъун рикIкIана Гумбеталъул гIолилазул «Росдал магIишаталъул потребителазул кооператив» абураб проект.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ-ХIИКМАТАЛЪУЛ ХIАЛБИХЬАРАЗЕ

### «Дица ЕГЭ кьела» проекталда рекъон Гумбет районалъул выпускниказ хъвалел руго диагностическиял хIалтIаби

**«Дица ЕГЭ кьела» проект гIумруялде бахьинабиялда ва гьединго цIалдохъабазул лъаялда хадуб хъаравуллъи кквеялда хурхун Гумбет районалъул школазда унеб буго 2015-2016 цIалул соналъул выпускниказул лъаялъул хал гьаби.**

Районалъул лъайкьеялъул учреждениязда 110 выпускникас гIурус мацIалъул хIалтIи хъвана,-ян абуна районалъул лъайкьеялъул отделалъул бетIерав специалист **Сурхай Сурхаевас.**

«Дица ЕГЭ кьела» проекталъ рес кьола лъаялъул даражаялъул хал гьабизеян,-абуна районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас.** ЦIалдохъабазул рес буго жидерго лъаялъул хал гьабизе, гьалатIазда тIад хIалтIизе ва 2016 соналъул май-июнь моцIазда кьезе ругел цогоял пачалихъиял экзаменал бергьенлъиялда кьезе хIадурлъи гьабизе.

**«Гумбет» РИО**

ЧЕРХАЛДА ГIЕТI ЦIИРИЧIЕБ БОЦIИ ДАНДЕ ГЬАБУГЕ

# Налог – жамагIаталъул газа, пачалихъалъул къучI

### Экономика хъахIлъизабулеб буго

**Экономикиябгун социалияб рахъ цебетIезаби, росабазул гIадамазул гIумруялъул даража лъикIлъизаби бараб буго налогазул инспекциязул хIалтIуда. Районазда гьоркьохъеб налоговияб инспекциялъул №12 Гумбет районалда бугеб участокалъул нухмалъулей Асият ГIумарахъаевалъулгун, районалда налогал ракIариялъул рахъалъ бугеб хIалалда тIасан, гара-чIвари гьабуна «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъаналъ.**

**- Асият, налогал ракIариялъул 10 моцIил тIадкъаял тIуранищ?**

- Щибаб соналъул ахиралда Россиялъул пачалихъалда къабул гьабула бачIунеб соналъе бюджет. Бюджет бикьула лъабго бутIаялде: федералияб, регионалияб, бакIалъул администрациязул. Бюджет гIуцIула налоговиял платежаздалъун (налогал ва сборал). Гьелда рекъон щибаб соналъе чIезарула планаялъулал тIадкъаялги. Гьаб соналъул анцIго моцIалъул бакIалъулал бюджетниял тIадкъаял тIуразариялда тIад налоговияб инспекциялъул Гумбет районалда бугеб участокалъул хIалтIухъабаз цо къадаралъулаб хIалтIи гьабуна. Гьелъул хIасилалда цIикIкIана бакIалъулаб бюджеталде бачIунеб налогалъул къадар. Гьедин гьаб соналъул анцIго моцIалда бакIалъулаб бюджеталде бачIине кколеб гIадамазул (физические лица) рарал бакIазухъ кьолеб налогалъул къадар бахана 939 азарго гъурущалде ва планаялъулаб тIадкъай тIубана 116,5 проценталъ. Араб соналъул анцIго моцIалда гьеб налогалъул къадар букIана 671 азарго гъурущ.

Ракьазухъ кьураб налогалъул къадар бахана 2390 азарго гъурущалде, гьеб ккола 110,4 процент. Араб соналъул анцIго моцIалъ гьелъул къадар букIана 1788 азарго гъурущ.

Цогояб налогалъул (ЕНВД) къадар бахана 381 азарго гъурущалде ва план 100 проценталъ тIубана. Араб соналъул анцIго моцIалда бакIарун букIана 314 азарго гъурущ.

Росдал магIишаталъул предприятияз къураб налогалъул къадар бахана 94 азарго гъурущалде, гьеб ккола 125,6 процент. Араб соналъул анцIго моцIалъ гьелъул къадар букIана



62 азарго гъурущ.

ГIадамаз жидее щварал доходаздаса кьолеб налог 25 миллионгун 968 азарго гъурущалде гурони бахинчIо. Гьеб ккола 79,1 процент. Цебесеб соналъул анцIго моцIалъ гьеб налогалъул букIана 26 миллионгун 47 азарго гъурущ. Абизе бегьила гIадамаз жидее щварал доходаздаса кьезе кколеб налогал кьей гьаб соналъул анцIго моцIалда гIемерго лъикIаб ккечIин. Гьелъие гIиллалъунги ккана районалда бюджеталдасан харжал кьолел гIадамазе цо-цо гIуцIабазда харжал дагь гьари, хIалтIулел бакIал къай.

Руго районалда гIадамаз ва гIуцIабаз федералиял, регионалиял бюджетазде кьезе кколел налогалги. Цересел соназде дандеккун гьединал налогал рачIинариялъул хIалтIиги лъикIаб буго.

**-Налоговиял органазул аслияб хIалтIи щиб кколеб?**

- Налоговиял органазул аслияб хIалтIилъун ккола налогал жиндир заманалда рачIинари. Гьелда бан налоговияб кодексалда налоговиял органазе кьун руго кIудиял ихтиярал. Гьел ихтиярал нижеца районалда хIалтIизеги гьарулел руго. Кин бугониги камулаго налогал жиндир заманалда кьоларел гIадамал ва гIуцIаби. ГIемерисел гIунгутIаби рарал руго гIуцIабазул ва гIадамазул сурсатал дагь рукIиналда.

Гьединго налоговияб орган ккола хал гьабиялъул органлъунги. Гьез хал гьабула гIуцIабаз ва гIадамаз налогал ритIун ва жиндир заманалда пачалихъалъул бюджеталде кьеялда тIад. Нахъ руссине гьарула мекъи кьурал налогал. Дагь кьурал налогал букIине кколеб къадаралда кьеялда тIад хIалтIиги гьабула. Мекъи-дагь налогал кьурал гIуцIабазда ва гIадамазда налоговияб кодексалда рекъон лъола гIакIа ва пеня. Гьединго налоговиял органаз гьаризе кколел хIалтIабаздасан аслияблъун ккола гIуцIабаз ва гIадамаз налоговиял органазда учеталда лъечIого доходал щвезелъун гьарулел ругел хIалтIаби. Гьединазда налоговияб ва административияб кодексалда рекъон лъола цIикIкIараб къадаралда гIакIаби, цIакъго цIикIкIараб доход бахчарал, уголовнияб кодексалда рекъон, тамихIалде цIазецин бегьула.

**- ХIалтIулъ захIмалъабиги камун ратиларо?**

- Киналго хал гьабиялъул органазулго гIадин, налоговиял органазул хIалтIулъги дандчIвала захIмалъаби. ГIемерисел гьел хурхарал рукIуна налогал кьезе кколел гIадамазда, гIуцIабазул нухмалъулезда ва бухгалтеразда. ГIунгутIаби рукIиналъул гIиллаги ккола налогал кьезе кколезда законал лъангутIи. Бокьилаан гьез налоговиял законал лъазариялда тIад хIалтIи гьабуни. Руго налогазул, бухгалтериялъул учеталъул хIакъалъулъ хъварал тIахьалги, бокьараб суалалъе жаваб кьезе интернетги.

**Гара-чIвари гьабуна ГIайшат Исламбиевалъ**

РЕГИОНАЛЬНАЯ ОБЩЕСТВЕННАЯ ПРИЕМНАЯ ПРЕДСЕДАТЕЛЯ ПАРТИИ Д.А. МЕДВЕДЕВА

### Информация о проведении единого дня приема граждан 1 декабря 2015 г. РОП ПП и МОП Партии по МР «Гумбетовский район»

| № | Место проведения (с указанием адреса) | Время приема | Форма проведения приема в приемных (тематический, выездной прием, круглый стол и т.д.) | Ф.И.О. и должность лица, планируемого провести прием граждан | Привлекаемые СМИ (указать наименование СМИ, контактный телефон) |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | В здании Культурно-оздоровительного комплекса с.Мехельта | С 10 ч 00 мин до 15 ч 00 мин | Тематический, выездной прием, круглый стол | **Магомедалиев Магомедали Абасович** – глава МР «Гумбетовский район» Депутаты НС РД и депутаты РС МР «Гумбетовский район» | Местная газета «Гумбет» - 8 272 26254 Местное ТВ «Гумбет» 8 272 26254 и др |

**Секретарь местного отделения ВПП «Единая Россия» Магомедалиев М.А.**

**Руководитель местной общественной приемной Партии ВПП «Единая Россия» Сулайманов А.М.**

ВОРЕ, ЦIАЛЕ, ЦIАЛЕ, ДИР ЦIОДОР

# Лъималги умумулги

### Килалъ ва Гъоркь Инхо гьоркьохъел школазда тIоритIана цIалдохъабазул умумузулгун дандчIваял

**18 ноябралда Гъоркь Инхо ва Килалъ гьоркьохъел школазда тIоритIана цIалдохъабазул умумузулгун дандчIваял. Гьенир рорхана школазда лъайкьеялъул бугеб хIалалъул, 2016 соналъ 9-11 классал лъугIунезул аттестация гьабиялъул хIакъалъулъ ва цогидалги суалал. Гьел тадбиразда гIахьаллъана районалъул лъайкьеялъул отделалъул бетIерав специалист Сурхай Сурхаев.**

Дагъистаналъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул бихьизабиялда рекъон, Гумбет районалъул гIаммаб лъайкьеялъул киналго учреждениязда унел руго 9-11 классазул цIалдохъабазул умумузулги мугIалимзабазулги собраниял. Гьенир гьоркьор лъолел руго 2016 соналъ ЕГЭялда ва ГИА-9 ялда хиса-басиязул, тIолгороссиялъул хал гьабиязул хIалтIул, школазул хIаракатчилъи борхизабиялъул, тIадегIанал цIалул заведениязде росиялъул къагIидабазул хIакъалъулъ суалал.

Сурхай Сурхаевас бичIчIинабуна 2016 соналъ ЕГЭялда хиса-басиял гIемерго рукIине гьечIилан. Араб соналъго гIадин ЕГЭялде риччазе ккани, хъвазе ккола хIасилазулаб сочинение. Аттестат щвезе ккани, аслияблъун ккола гIурус мацIалъул ва хIисаб гIелмуялъул экзаменал кьезе кIвей. Исанасеб цIалул соналъ цогидал тIадал предметал рукIине гьечIо. ЦIалул заведениязде ине хIажалъулел бищун гIодорегIанал баллал араб соналъул даражаялдаго руго.

ЕГЭялда хиса-басиял рукIине руго 2022 соналдаса. ТIадаб предметлъун букIине буго къватIисел улкабазул мацI, 2020 соналдасайин абуни гьеб тIадаблъун букIине буго ГИА-9 ялда.

**«Гумбет» РИО**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

# ЦIуне ниж ракъаздаса, цIуне ниж цIаялдаса...

### Гумбеталда тIобитIана лъималазул ихтиярал цIуниялъул къо

**«Россиялъул Федерациялда чIобого юридическияб кумекалъул хIакъалъулъ» Федералияб законги гIумруялде бахъинабулаго, Россиялъул Федерациялъул хIукуматалъулаб комиссиялъул хIукмуялда рекъон 2015 соналъул 20 ноябралда Гумбет районалда тIобитIана лъималазул ихтиярал цIуниялъул къо.**

Гьеб тадбиралъул аслияб мурадлъун букIана бесдал лъималазе, эбел-инсул тIалабалагъазаздаса махIрумлъарал лъималазе правовияб кумек гьаби. Гьединго юридическияб кумек гьаби жидерго хъизаналде хьихьизе лъимер бачине бокьаразе, лъимал-инвалидазе ва гьезул умумузе.

Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъ ва опекаялъул, тIалаб-агъаз гьабиялъул органалъ гIуцIана гьединал гражданазе правовияб консультативияб кумек гьабизе байдан. «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул распоряжениялда рекъон, гIуцIана лъималазул законияб мурадал ва ихтиярал цIуниялъул хъулухъазул специалистал гъорлъеги рачун, хIалтIулаб группа. Жавабал кьуна гIадамаз телефоналдасан къурал суалазе.

**«Гумбет» РИО**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# ГIадлу хвезабуразда гIакIа къотIана

**2015 соналъул 17-20 ноябралда Гумбет районалдаги тIобитIана оперативиябгун профилактикияб операция «Маршрутка». Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулев , жанисеб хъулухъалъул подполковник Сайпудин МухIамадгIалиевасул буюрухъалда рекъон, гIуцIана «Маршрутка» операция районалда тIобитIиялъул хIалтIи. ХIадурана план, гIуцIана хIалтIулаб группа. ОГИБДД- ялъгун цадахъаб хIалтIи гьабуна районалда бугеб миграционнияб хъулухъалъги.**

«Маршрутка» операциялъул заманалда Гумбеталда тIатана нухазда хьвадиялъул гIадлу хвезабиялъул хIужаби. Административияб гIакIа къотIана 7500 гъурущалъул къадаралда. ГьалатIал ричаразухъа бахъана 10 азарго гъурущ гIакIа.

**Расул Ахкубегов, Гумбет районалда бугеб ОГИБДДялъул нухмалъулев, полициялъул капитан.**

ЗУЛАЙХАТИЛ ГIАКАГИ ГIАЛИГЪАЛБАЦИЛ ОЦГИ

# ГIиязул чанхъил унти

**Оспа ккола цIакъго хехго тIибитIулеб, цоцаде бахунеб, унтабазда гьоркьоб цIакъго заралиябльун рикIкIунеб унти, жибги баккизабулеб вирусалъ. Гьеб унтуца унтула гIи-цIани, чIегIер боцIи, варанаби, чуял, хIанчIи ва гIадан. Нилъеца бицен гьабизе бугеб гIиял оспаялъ гIи гурони унтуларо, ай гIадамасде ва цогидал хIайваназде бахунаро.**

Цо-цо бакIазда нилъер республикаялдаги баккун буго гьеб киса-кирего, хасго лъарагIлъиялъул мухъазда бугеб гIияе вакцина гьабунги лъугIулеб буго.

Гьеб унти тIаде лъазе уна 5-15 къо. Гьеб унтуца цIакъго захIматго унтула митис гIи, магIарул гIиял гьеб дагьаб бигьаяб формаялда букIуна. Унтула гIи бокьараб сезоналда, гьеб захIматаб формаялда баккула квачараб заманалда.

Цоцаде унти бахиналъе нухлъун ккола гIи-боцIулъ хIалтIизабулеб тIагIел-гIучI, ретIелхьит, корма, транспорт, хвараб чахъу, тIехь, квас, хIули ва гь.ц. Цоцахъе ккола акIор ругел унтаразда хъван, квен-тIехалда цадахъ ва гьединго ургьибе ккола цIалеб гьаваялда гьорлъ. Унтараб чахъдадаса бортараб чанхъилъ вирус цIунула 1,5 лъагIелалъ, цIороялъ холаро, бокьахъ хутIула 6 моцIалъ, квасулъ 2 моцIалъ. Вирусалъ багIари ва дезинфекциялъе хIалтIизарулел загьраби хIехьоларо. Жиндир заманаялда данде хIалтIаби гьаричIони рехьалъ бугеб гIи 100% унтула ва хвел ккола 10-20%.

Унтараб чахъдал температура бахуна 41-42 градусалде, гьорола кьунсрул, бадисан ва магIарзухъан лъим-рецI чвахула, хIухьел цIай захIмалъула, ботIрода, кIутIбузда, бох-ратIаялъул жанисеб рахъалда, гьваруда багIарал тIанкIал лъола ва гьел тIанкIал чIахIалъула 2-3 къоялдасан, гьезул лъелцIурал кьучIби лъугьуна ва хьордоде руссуна. ГьитIинал ругьнал цольун гьезул ругьнал чIахIалъула ва гьезда тIад макъар кьала ва чахъдае гьеб унтуде данде чIезе захIмалъула ва хола, цо-цо дагьго унтарал нахъги руссуна. Унти халалъула 20-30 къоялъ ва чахъу хIалакълъун ва бидулъе чороклъи ккун хола.

Гьелъул бищунго захIматаб форма ккола чанхъал цоцаде рагьараб ва би речараб къагIида. Гьедин унтараб чахъу нагагьги борчIуларо. Ургьимесалдаги ратула чанхъал, киса-кибего би речи ва тIомода гьоркь букIуна квешаб махI. Дагьго унтараб чахъу батIа гьабула ва дару гьабула антибиотикал, сульфаниламидал кьун, чурула, мазал рахуна. ЗахIматго унтараб чахъу чIван бухIани ва дезинфекция гьабуна, унтичIезе уколал гьаруниги гьеб унти тIибитIулареб кIал лъугьуна.

ЦIакъго лъикIаб буго унти баккилелде кинабго гIияе вакцина гьабуни. Гьеб унтуде данде хасаб вакцина буго, гьеб гьаб сагIаталда гьабулебги буго. Унти баккараб бакIалда лъола карантин ва гьенисан щибго жо жанибе-къватIибе биччаларо ва карантин бахъула ахирисеб унтараб чахъу сахлъун 20 къо индал.

Унтилелде бетIер кьайин абула чIахIияз ва нилъедаги тIадаб буго специалистаз малъараб гьабизе.

Унти - щокълъи баккичIого букIине щиб гьабилеб:

кинабго гIияе оспаялда данде уколал гьаре, тIинчIалъе 14 къоялдасан, хадуб 3 моцIалдасан гьабе.

Доба-гьаниса гIи босуге, нагагь босани 30 къоялъ жаниб хьихье ва ветхIалтIаби гьаре. ТIаде гIи бачIун букIин ветхIалтIухъанасда лъазабе. Ветеринарияб документ гьечIого гIи-боцIи, хер, корма, продукция районалъул территориялде баччуге. ГIи –боцIул бокьахъ гьел жанире рачIиналде дезинфекция гьабе.

Нагагь унтул гIамал-хасиятал тIатани, райветуправлениялда лъазабе.

Унти-щокълъи бакки гIемерисеб бараб буго нилъедаго, ай гIи-боцIул бетIергьабазда. Специалистазул малъи гIадахъ босизе Аллагьас къуват кьеги. Амин.

**СайгидмухIамад ГIабдулкъадиров,**
**Гумбет ветуправлениялъул бетIерав врач.**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ

# КIицIулго дунялалъул чемпион

**Мурад Ислаханов гьавуна Гумбет районалъул МелъелтIа росулъ. Хъизангун гочана Кисловодск шагьаралде. ГьитIингоялдаса спортавде бижараб рокьи хадубги рехун течIо. ТIаса бищана эркенаб гугари. ГIемер цеве вахъана Мурад, гIахьаллъана батIи-батIиял турниразда, къецазда Дагъистаналда, Ставрополь краялда, Северияб Кавказалъул Федералияб округалъул шагьаразда, гьединго Европаялъул ва Степан Разинил кубокалъе гIоло тIоритIулел чемпионатазда. Мурад ккола эркенаб гугариялъул рахъалъ спорталъул мастер.**

Гьелдаса хадуб Ислахановас гали лъола гугариялъул цIияб тайпаялде –грэплингалде. Гьедин гьес гIахьаллъи гьабуна Италиялъул шагьар Тосканаялда тIобитIараб дунялалъул чемпионаталда. ЗахIматал ва хIалуцарал къецаздаса хадув Мурад мустахIикълъана тIоцебесеб бакIалъе ва гьесие щвана меседил медаль. Ана замана, амма щвараб бергьенлъиялда гIей гьабун чIечIо Мурад. Гьелдаса хадув Мурад мустахIикълъана мазгарул медалалъе «Квержубараб рагъул» къецазда.

Дагьаб цебегIан, ай 28 октябралда Германиялъул Штутгарт шагьаралда тIобитIараб дунялалъул чемпионаталда 70 кг. цIайиялда Мурад дандчIвана Россиялдаса, Англиялдаса, Франциялдаса, Ираналдаса, США-ялдаса, Марокколдаса, Югалъулаб Кореялдаса, Китаялдаса речIчIухьабигун ва гьезда тIад мухIканаб бергьенлъиги босун, финалалда дандчIвана хIалбихьи бугев Украиналъул речIчIухьангун. Гьеб захIматаб къецалда Мурадида кIвана жиндирго дандияв къезавизе. Гьеле гьедин мустахIикълъана МелъелтIаса Мурад Ислаханов кIиабилебги меседил медалалъе. Гьеб ккола цо Мурадие ва гьесул хъизаналъе гуребги, тIолабго гIагарлъиялъе, росдае, районалъе, Дагъистаналъе ва тIолабго Россиялъе бергьенлъи. Жеги чIахIиял бергьенлъаби дуе, Мурад!




**Рамазан МухIамадов,**
**МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул директорасул тарбия кьеялъулрахъалъ заместитель.**

УНТАРАЗУЛ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# РакI разияб хъулухъ

**ХIикматаб жо буго инсанасул гIумру, тIабигIаталдаго гIадин батIи-батIияб хIал тIаде бачIунеб. Ниж ЦРБялъул терапиялъул отделениялда сах гьарулел батIи-батIияб гIелалъул, жинди-жиндир хасал гIузраби ругел гIадамал, къисматалъ рачун ккана гьеб отделениялъул гIолохъанав врач-терапевт ГIабдухаликъ ГIалиевасул ва гьесда цадахъ хIалтIулезул цIобалде.**

КIвар кьун гьабулеб хIалтIул хIасил ккечIого хутIуларелъул, чорхолъ ругел унтаби тIатинаризе зама-заманалдасан гьарулел анализаз ва данде кколел дараби, уколал, капельницаби хIалтIизариялъ чорхол хIалалъе лъикIаб асар гьабулеб буго кьокьаб заманалда. Нижее хъулухъ гьабулел: врач-ГIабдухаликъ ГIалиев, сестраби-**Паримеседо МухIамадова, ХIавраъ РурухIмаева, ПатIина УхIумагIалиева**, санитарка - **Муъминат Мусаева** ва цогидалги, гьел руго жидее лъикIаб даражаялъул тарбия ва махщел щварал гIадамал.

Нижеца, сахгьарулез, «Гумбет» газета гьоркьоккун ракI-рагьараб, кIудияб баркала кьолеб буго тIолабго терапиялъул отделениялъул коллективалъе. Кьеги нужее халатаб, сахаватаб гIумру унтарал сахгьариялъул хъаравуллъуда рукIине.

**А.НурмухIамадов, А. ГIабдулхIакимов, ГIусман (МелъелтIа), МухIамад (Аргъвани), Б. Жаватханов ва цогидалги**

Подписка - 2016

# «Гумбет» газета-бакълъулазул тарих

**Хириял районцоял! Байбихьун буго 2016 соналъе газетал ва журналал хъвазе, гьездаго гьоркьоб нилъерго районалъул «Гумбет» газеталъеги подписка гьабизе. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделенияздасанги, «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги.**

Районалъул гIумру бихьизабулеб матIу ккола райгазета. Гьелдасан нужеда лъала районалъул гIумруялъул, гьелъул цIилъабазул, церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

ХIурматиял росабазул администрациязул бутIрул, районалъул идарабазул, гIуцIабазул нухмалъулел, газета цIалулел! ХIаракат бахъе цIияб соналъе «Гумбет» газета щивав хIалтIухъанас хъвазе, щибаб коллективалъ редакциялъулгун щулияб бухьен ккезе. Ниж божарал руго, нужер кумекалдалъун 2016 соналъ газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.

**Газеталъул багьа лъагIалие:**
**Почалдасан – 264 гъурущ.**
**Редакциялдасан– 160 гъурущ.**
**Бащдаб лъагIалие:**
**Почалдасан – 132 гъурущ.**
**Редакциялдасан – 80 гъурущ.**

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил кьватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1339
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторас. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкьалъ кьимат кьезелъун.